только при соотносительном употреблении двух временных форм – будь то в сложном предложении или в тесно связанных по смыслу самостоятельных предложениях. Оно происходит в связи с абсолютным употреблением временных форм и на его основе.

Система временных форм глагола немецкого языка представляет собой продукт длительного исторического развития, без учета которого нельзя понять особенностей современного значения и употребления временных форм глагола немецкого языка. В своем развитии она обнаруживает так же ряд самобытных черт, определяющих её отличие от системы временных форм других языков.

**Литература**


1. Арсеньева М.Д. Претерит и перфект в современном немецом языке. –Москва: 1953.
2. Алламуратов. А. Прошедее времен глагола изъявительного наклонения в современном каракалпакоском языке. –Нукус: 1964.
3. Гульга Е.В. Употребление претеритума и перфекта. –Москва: 1957.
4. Исхакова А.А. Развитие значения презенса индикатива в немецом языке. –Киев: 1975.
5. Москальская И.О. Перфект и претерит. Грамматика немецкого языка. –Москва: 1956.



**РЕЗЮМЕ**

Бу мақолада қиёсий йўналишда немис ва қорақалпоқ тилларидаги ўтган замон ва қадим ўткан замон ҳақида айтилади. Оддий ўтган замон асосида белгилаб ўтилади. Немис тилидаги феълнинг замон формаларининг системасини давр, тарихий ривожланишнинг самараси эканлиги тасдиқланади.

**РЕЗЮМЕ**

В статье говорится о прошедшем – обычном и давнопрошедшем времени в немецком и каракалпакском языках в сравнительном плане. Отмечается, что в основе прошедшего обычного времени лежит причастие. Утверждается, что система временных форм глагола немецкого языка представляет собой продукт длительного исторического развития.

**SUMMARY**

The article deals with the comparative study of the Simple Past and Past Perfect tenses in the German and Karakalpak languages. It is emphasized that the basis of Simple Past is Participle. The author of the article states that the system of tense forms of the verb in German is a product of long historical development.


## БАЛАЛАРҒА ҚАРАҚАЛПАҚ ТИЛИН ҮЙРЕТИЎДИҢ ӨЗИНЕ ТӘН ӘҲМИЙЕТИ


**Г.Жумашева** – *үлкен оқытыўшы*

**М.Пердебаева, Г.Утемуратова** – *Мектепке шекемги ҳәм баслаўыш тәлим факультети студентлери*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сўзлар:** муаммо, пайдо булиш, манба, мулокот, қорақалпоқ тили, асос, тамойил, изма-из, узлуксиз.

**Ключевые слова:** проблема, формирование, навык, общение, каракалпакский язык, основа, принцип, преемственность, непрерывность, образование.

**Key words:** problem, formation, skill, communication, Karakalpak language, basis, principle, succession, continuity, education.


Өзбекстан Республикасы ғәрезсизликке ҳәм оның қурамындағы Қарақалпақстан Республикасы өз суверенитетлигине ерискеннен соң өзбек ҳәм қарақалпақ тиллериниң мәмлекетлик статусын алыўы, илим ҳәм билимлендириў дизими алдына мәмлекетлик көлемдеги машқалаларды қойды.

Усыған байланыслы Қарақалпақстан Республикасы балалар бақшаларында ҳәм баслаўыш классларында балаларда қарақалпақ тилинде сөйлеў көнликпелерин қәлиплестириў бойынша өткерилген эксперименталь-сынаў жумысларының нәтийжелери жақсы жуўмақ берди. Балалар қыйналмай тез арада қарақалпақ тилиндеги барлық сеслерди дурыс ҳәм анық етип айтыў менен бирге, мәмлекетлик стандарт талапларында, бағдарламада көрсетилген сөзлик минимумларды меңгериў менен бир қатарда гәп конструкцияларының моделиниң үлгилерин актив қолланып, оларды жаңа мазмун менен байытып ҳәм ҳәр қандай турмыс жағдайларында оларды еркин пайдаланыў көнликпе ҳәм қәбилетлилиликлерине ийе болды.

Солай етип, олар алған билимлерине сүйене отырып қоршаған адамлар менен еркин сөйлесип, байланыслы сөйлемлер қурап диалоглар ҳәм монологлар дүзиў көнликпелерин меңгерди.

Бул жетискенликлер дидактикалық принциплерге таянып ақылый ҳәрекетти меңгериў барысын дурыс басқарыўда (П.Я.Гальперин [3:15] ҳәм Н.Ф.Талызина [6:57] ақылый ҳәрекетлердиң басқышпа-басқыш қәлиплесиўин үйрениў ҳәм ойлаў психологиясы ҳаққында теориясы) анықланды.

Психолог Г.М.Андреева сөйлесиўсиз ҳеш бир әмелий ис иске аспайды, дейди. Ол сөйлесиўди ҳәр қандай ҳәрекеттиң сөз ҳәрекети менен тығыз байланыста екенлигин дәлиллеп көрсетти [2:27].

Тәжирийбе сынаў барысында сөйлесиўди шөлкемлестириўдиң формаларының бири етип дидактикалық, сюжетли, сахналастырылған ҳәм миллий ҳәрекетли ойынлардан кеңнен пайдаландық [4:17].

Диалогларды алып барыў ҳәм монологларды дүзиў көнликпелерин қәлиплестириўде ең қолайлы усыл ретинде диалогларда дүзилген халық ойынлары, аўызеки халық дөретпелери, шайыр ҳәм жазыўшылардың шығармалары, балалардың ҳәр қыйлы ҳәрекетлери менен байланысқан дидактикалық ойынлар ҳәм қоршаған орталық кеңнен пайдаланылды.

Билим бериў, тәрбиялаў ҳәм раўажландырыў ўазыйпаларын шешиўде комплексли бағытты иске асырыў сөз дизбеклерин дүзиўде өз бетиншеликти раўажландараўға, гәп конструкцияларын қураўда ҳәм таныс гәп констукцияларын жаңа мазмун менен толтырыўда дөретиўшилик активлиликти көрсетиўге тийкар салды.

«Кадрларды таярлаўдың миллий бағдарлама» талапларының бири билимлендириў системасында (бала бақша ҳәм мектеп) үзликсизлик ҳәм избе-излиликти тәмийинлеў принциплерине сүйениў болып табылады [1:17]. Бул өз гезегинде, тилди үйретиўдиң аўызша курсынан (этапынан) басланатуғын бала бақша ҳәм баслаўыш классларда қарақалпақ тилин оқытыў жағдайын терең үйрениў зәрүрлигин туўғызады, себеби көпшилик балалар мектепке бала бақшаға бармай туўры үйлеринен таярлықсыз келеди, демек муғаллимге баланың билиминдеги бул бослықты толтырыўға туўра келеди. Буның ушын ол баланың семья жағдайларын, денсаўлығын, психологиялық-физиологиялық өзгешеликлерин терең билиўи, оның менен тынбай, еринбей ислесип ҳәм оның минез-қулқын жақсылап үйренип, онда билимге болған қызығыўшылық, қуштарлық ҳәм талапты оятыўы лазым.

Балалар бақшасында тәрбияшылар ҳәм баслаўыш классларда муғаллимлер көбинше қарақалпақ тилин үйретиўде оқытыўдың коммуникативлик ҳәм әмелий бағытын жетилистириў, илимий билим бериў принциплерин дурыс баҳалаўы, балалардың актив сөзлигине сес, ҳәрип, буўын, сөз, гәп, иркилис белгилери ҳәм басқа да түсиниклердиң атамаларын киргизиўи, балалар тек тәрбияшының ҳәм муғаллимниң айтқан тапсырмаларын орынлаў менен шекленбеўи лазым. Егер, тәрбияшылар ҳәм баслаўыш класс муғаллимлери, мысалы, ***а*** ҳәрипине бир ҳәрип қосып, таза сөз қураң: ал, ас, ақ, аз, ат, ай: таза сөз пайда болыўы ушын бир ҳәрипти өзгертиң: ана, ата, апа, сөзге буўын қурап бир заттан көп зат пайда етип айтың: ат-атлар, бала-балалар, китап-китаплар, гүл-гүллер ҳәм т.б усаған тапсырмалар берсе, жақсы нәтийжелерге ериседи. Бундай тапсырмаларды орынлаўда балаларда өзбетинше ислеў көнликпелери қәлиплеседи, сөз дизбеклерин дүзгенде, сөзлерди таңлағанда ойлаў активлиги жеделлеседи, өз пикирин еркин айтыў қәбилетлилиги артады.

Тақмақларды ядтан айтқанда, көп тәрбияшылар оның көркемлеп айтылыўына ҳәм рус тилинде жоқ сеслердиң анық, дурыс айтылыўына дыққат аўдармайды, нәтийжеде балалар сөйлегенде ҳәм жазғанда көп қәте жибереди. Соның менен бирге, тәрбияшы ҳәм педагоглар оқыўшыларға тайын диалогларды ядлатыў менен сөз дизбеклерин себепли, олар тек ядлап алған сөзлери менен сөз дизбеклерин қурайды, лекин өз пикирин еркин айта алмайды. Бул, әлбетте, олардың еркин шахс болып жетилисип қәлиплесиўине кери тәсир жасайды [5:34]. Балаларда сөйлеў көнликпелерин қәлип-лестириў мақсетинде жаңа педагогикалық технологияға сүйенип, жумыстың нәтийжели метод ҳәм усылларын, балалар менен ислесиўди шөлкемлестириўдиң оптималь методларын таўып, билимлендириў мазмунын анықлаў ушын терең излениў жумысларын өткериўимиз лазым. Бул, өз гезегинде, балаларды раўажландырыў, оларға тәлим-тәрбия бериўдиң мақсет ҳәм ўазыйпаларын, оқытыўда ҳәр түрли усыллардан пайдаланыў жолларын, балалардың психикалық жақтан раўажланыўын, оларда ақылый ҳәрекетлердиң басқышпа-басқыш қәлиплесиўин, ойөрислериниң билим бериў барысында раўажланыўын, проблемалық оқытыўдың теориялық тийкарларын улыўмаластырыўдың түрлери ҳәм сөйлеў ҳәрекетлериниң басқа ҳәрекетлер менен тығыз байланыста алып барылыўы

мәселелерин психолог алымлардың мийнетлерине сүйенип анықлаўды талап етеди.

Балалардың тил байлығын ҳәм мәденияты сөйлеў өнликпелерин раўажландырыўдағы тийкарғы мақсет, олардың өз пикир ҳәм сезимлерин, ойларын еркин баянлап, жеткерип бериўге, қоршаған адамлар менен мүнәсибетте болып, үрп-әдет дәстүрлерге сай еркин сөйлесип қарым-қатнаста болыўға үйретиўден ибарат.

Балалардың аўызеки жазба тилин өсириў ушын сөзлерди дурыс айтыў, сөзлик қорын байытыў, үйренилген сөзлерди, сөз дизбеклери өз орны менен, орынлы жеринде қоллана билиў, бурын үйренген ҳәм жаңадан үйренген сөзлерден гәплерди дурыс дүзиў ҳәм қарақалпақ ҳалқының сөйлеў этикетине сай мәдениятлы сөйлеў көнликпелерин қәлиплестириў, биринши гезекте, қара-қалпақ тили сабағында жүзеге асады. Бала өз пикирин, ишки сезимлерин тыңлаўшыға түсиникли етип баянлап жеткериўи ушын жетерли дәрежеде сөз байлығына ийе болып, қарақалпақ тилиниң грамматикалық қағыйдаларын, сөйлеў этикетлерин билиўи тийис. Соның менен бирге, бала муғаллимниң жәрдеминде педагогикалык технологиялардан пайдаланса да жаксы болады, бунда муғаллим балаларға улыўма сораў береди ҳәм бул сораўға биргеликте жуўап излейди, мысалы бунда «Ақылый хужим», «Кластер», «Не ушын?», «Балық скелети» усаған метод ҳәм усыллардан пайдаланса болады. Бул арқалы балаларда пикирди тез айтыў, излениў көнликпелери ҳәм қәбилетлери раўажланады. Ал, балалардың мектепке шекемги ҳәм баслаўыш тәлим жасында алған билим, уқып ҳәм көнликпелери үлкен әҳмийетке ийе. Баланың тил байлығы, ой-өриси, сөйлеў дәрежеси қаншама раўажланған болса, оның айтажақ гәпи де сондай дәрежеде түсиникли, мазмунлы, анық ҳәм раўшан болады.




• «Қандай?» иерархиялық диаграммасы



**«Балық скелети» схемасы**

Солай етип, балаларға қарақалпақ тилин үйретиў барысында үзликсизлилик ҳәм избе-излилик принциплерин иске асырыўда хәр тәреплеме гармоникалық раўажланған, руўҳый бай, жоқары эрудициялы, билимли, дөретиўшилик пенен өз бетинше еркин пикир жүргизип ойлайтуғын, өз пикир ҳәм сезимлерин еркин айтып, қоршаған адамлар менен мүнәсийбетке түсип, қарым-қатнас жасап қәлеген темада сөйлесип кете беретуғын инсанды қәлиплестириўге кең мүмкиншиликлер туўғызылады.

**Әдебиятлар**


1. Каримов И.А. Баркамол авлод орзуси. -Т.: «Ўзбекистан», 1977.
2. Андреева Г.М. Социальная психология. -М.: «Аспект Пресс», 1999.
3. Гальперин П.Я. Психология мышления и учения о поэтапном формировании умственных действий. //Исследования мышления в советской психологии. -М.: «Наука», 1966.
4. Жумашева Г.Х. Формирование основ культуры общения дошкольников в театрализованных играх. -Н.: «Билим», 1997.
5. Жумашева Г.Х. Теоретико-методические основы формирования навыков общения на каракалпакском языке. -Т.: «Фан», 2007.
6. Талызина Н.Ф. Управление процессом усвоения знаний. Изд. МГУ. 1965.


**РЕЗЮМЕ**

Мақолада қорақалпоқ тилида болаларнинг муомаласини шакллантиришда таълимнинг кетма-кетлик ва узлуксиз тамойиллари муаммосига бағашланган. Мақолада қорақалпоқ халқи рухий дунёси, дунёқараши ҳақида болаларнинг нутқа ва фикрлашларини ривожлантиришда иккинчи тил сифатида ўрганишда таянч ва миллий ғоялар асосида таййорланган назарий ва услубий ишланмалар (қўлланмалар) зарурлиги ҳақида айтилади.

**РЕЗЮМЕ**

Статья посвящается проблеме формирования навыков общения детей на каракалпакском языке на основе принципа преемственности и непрерывности образования. В статье раскрывается необходимость разработки теоретических и методических основ обучения второму языку с опорой на национальную идеологию независимости, активизацию речевой и мыслительной деятельности детей, приобщения их к духовным ценностям каракалпакского народа.

**SUMMARY**

The article is devoted to a problem of formation communication skills of children in the Karakalpak language on the basis of principle of succession and continuity of education. In the article it is emphasized the necessity of development of theoretical and methodical bases of teaching the second language with a support on national ideology of independence, activization of speech and intellectual activity of children, involving them to spiritual values of the Karakalpak people.

# OLIY TA'LIM O'QUV JARAYONIGA INNOVATSION TA'LIM TEXNOLOGIYALARINI QO'LLASH - TA'LIMDA SIFAT SAMARADORLIGIGA ERISHISHNING ASOSIY VOSITASI

**I.R.Kamolov** – *dotsent*
**S.S.Kanatbayev** – *assistent*
**G.I.Sayfullayeva** –*magistrant*
*Navoiy davlat pedagogika instituti*

**Tayanch so'zlar:** innovatsiya, innovatsion ta'lim, ta'lim jarayoni, ta'lim, pedagog, pedagogik texnologiya, debat, to'lqin, zarra, Venn diagrammasi, Quyosh sistemasi, Yer sayyorasi, Merkuriy sayyorasi, Venera sayyorasi, portfolio, o'quv portfolio, natijalar portfoliosi, ishlar portfoliosi, taqrizlar portfoliosi, assesment.

**Ключевые слова:** инновация, инновационное образование, процесс образования, образование, педагог, педагогическая технология, дебат, волна, частица, Диаграмма Венна, солнечная система, планета Земля, планета Меркурий, планета Венера, портфолио, учебное портфолио, портфолио результатов, портфолио работ, портфолио рецензий, ассесмент.

**Key words:** innovation, innovation al education, process of education, education, teacher, pedagogical technology, debate, wave, particle, Venn Diagram, Solar system, planet Land, planet Mercury, planet Venus, portfolio, scholastic portfolio, portfolio of results, portfolio of works, portfolio of reviews, assesment.

Oliy ta'lim o'quv-tarbiya jarayonida ta'limning innovatsion padagogik va axborot texnologiyalaridan foydalanib, ta'limning samaradorligini ko'tarishga bo'lgan qiziqish, e'tibor kun sayin oshib bormoqda. Ta'lim tizimida zamonaviy texnologiyalar qo'llanilgan o'quv mashg'ulotlari egallanayotgan bilimlarni talabalar tomonidan o'zlari qidirib topishlari, mustaqil o'rganib, ularni tahlil qilishlari, o'z bilimlarini baholashlari, to'g'ri xulosalar chiqarishga qaratilgan. Professor-o'qituvchi bu jarayonda shaxs va jamoaning rivojlanishi, shakllanishi, bilim olishi va tarbiyalanishiga, shuningdek, erkin fikrlab kursdoshlari bilan o'zaro hamkorlikda ishlash va harakat qilishlariga sharoit yaratadi. Ana shunday o'quv-tarbiya jarayonida talaba markaziy ishtirokchiga aylanib qoladi.

Pedagog-olimlar ko'p yillar davomida ta'lim tizimida: Nega o'qitamiz?, Nimani o'qitamiz?, Qanday o'qitamiz? savollariga javob izlash bilan bir qatorda Qanday qilib samarali va natijali o'qitish mumkin? – degan savolga ham javëob qidirdilar. Bu esa, olim va amaliyotchilarni o'quv jarayonini texnologiyalashtirishga, ya'ni o'qitishni ishlab chiqarishga oid aniq kafolatlangan natija beradigan texnologik jarayonga aylantirish mumkin, degan fikrga olib keldi.

Oliy ta'lim muassasalari o'quv jarayoniga innovatsion ta'lim texnologiyalarini joriy etish avvalo, mavjud innovatsion ta'lim texnologiyalarni tahlil etish, o'qitiladigan fanning mazmunini e'tiborga olgan holda uni qo'llash yuzasidan metodik ko'nikmalarga ega bo'lishni taqozo etish bilan birgalikda professor–o'qituvchidan tayyorgarlik, innovatsion pedagogik faoliyatga moslik zaruratini keltirib chiqaradi.